

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu panalungtikan dilakukeun di lima désa nu ditangtukeun dumasar sampel wilayah pompok angin. Désa nu dijadikeun tempat panalungtikan nya éta Désa Ungkal, Désa Babakan Asem, Désa Cibubuan, Désa Narimbang, jeung Désa Conggéang Wétan. Ti lima désa kapaluruh aya 28 kaulinan nu masih kénéh diarulinkeun ku barudak sacara alamiah, tanpa ayana rékaan. Ngaran-ngaran kaulinanna nya éta (1) bancakan (A), (2) barén, (3) éngklé gunung, (4) galah, (5) kakalécian, (6) ucing buaya, (7) ucing jongkok, (8) ucing sumput (A), (9) ucing tépa, (10) bancakan (B), (11) éngklé biasa, (12) ngadu keléréng, (13) om-oman, (14) ucing jatup, (15) babancakan, (16) bébélotan, (17) dodo-dodoan, (18) éngklé kapal, (19) pocés, (20) ucing sandal (A), (21) ucing sumput (B), (22) congkak, (23) ééngkléan, (24) ngadu kaléci, (25) lompat karét, (26) sasapintrongan, (27) ucing babuk, sarta (28) ucing sandal (B).

Jumlah kaulinan nu kapaluruh di unggal désa béda-béda. Di Désa Ungkal kapaluruh salapan kaulinan, nya éta (1) bancakan, (2) barén, (3) éngklé gunung, (4) galah, (5) kakalécian, (6) ucing buaya, (7) ucing jongkok, (8) ucing sumput, jeung (9) ucing tépa. Di Désa Babakan Asem kapaluruh lima kaulinan, nya éta (1) bancakan, (2) éngklé biasa / éngklé cabrek, (3) ngadu keléréng, (4) om-oman, jeung (5) ucing jatup. Di Désa Cibubuan kapaluruh tujuh kaulinan, nya éta (1) babancakan, (2) bébélotan, (3) dodo-dodoan, (4) éngklé kapal, (5) pocés, (6) ucing sandal, jeung (7) ucing sumput. Di Désa Conggéang Wétan kapaluruh tilu kaulinan, nya éta (1) congkak, (2) ééngkléan, jeung (3) ngadu kaléci. Sarta di Désa Narimbang kapaluruh opat kaulinan, nya éta (1) lompat karét, (2) sasapintrongan, (3) ucing babuk, jeung (4) ucing sandal.

Aya dua kaulinan nu sarua ngaranna, asalna ti dua désa nu béda, nya éta bancakan. Tapi, dina prak-prakan ngaulinkeunna mah béda. Aya ogé dua kaulinan nu sarua ngaranna nya éta ucing sumput. Tapi, dina ngaulinkeunna ogé béda.

Sedengkeun aya opat kaulinan nu béda ngaranna tapi dina prak-prakan ngaulinkeunna sarua, nya éta (1) kakalécian, (2) ngadu keléréng, (3) pocés, jeung (4) ngadu kaléci.

Tina 28 kaulinan, aya sawatara kaulinan nu sangaran, diantaranya bancakan. Aya sawatara ngaran kaulinan nu patali jeung prak-prakan ulin, saperti bancakan anu dina kaulinanna nyebutkeun kecap “bancak” nalika ngabakar ucing ku cara najong tumpukan kenténg. Sacara umum tina 28 kaulinan waktu ulinna bébas, bisa diulinkeun isuk-isuk, beurang, jeung sore. Témpat ulinna lolobana ngabutuhkeun tempat nu lega saperti lapang atawa buruan imah. aya hiji kaulinan nu bisa diulinkeun di jero imah, nya éta congkak. Palaku atawa pamaénna nu arulin tina 28 kaulinan, sacara umum bisa diulinkeun ku budak lalaki jeung budak awéwé. Aya hiji kaulinan nu sok diulinkeun ku budak lalaki wungkul, nya éta ngadu kaléci. Kaulinan kaléci aya opat nu béda-béda ngaranna, tapi dina prakna ulin mah sarua. Ngaran-ngaran kaulinan kaléci nya éta, kakalécian di Désa Ungkal, ngadu keléréng di Désa Babakan Asem, Pocés di Désa Cibubuan, sarta ngadu kaléci di Désa Conggéang Wétan. Aya ogé hiji kaulinan nu sok diulinkeun ku budak awéwé wungkul, nya éta congkak.

Tina 28 kaulinan aya 19 kaulinan nu maké pakakas dina prakna arulin, nya éta (1) bancakan, (2) barén, (3) éngklé gunung, (4) kakalécian, (5) éngklé biasa, (6) bancakan, (7) ngadu keléréng, (8) babancakan, (9) bébélotan, (10) éngklé kapal, (11) pocés, (12) ucing sandal, (13) congkak, (14) ééngkléan, (15) ngadu kaléci, (16) lompat karét, (17) sasapintrongan, (18) ucing babuk, sarta (19) ucing sandal. Sedengkeun salapan kaulinan deui teu maké pakakas dina prakna ulin, nya éta kaulinan (1) galah, (2) ucing buaya, (3) ucing jongkok, (4) ucing sumput, (5) ucing tépa, (6) om-oman, (7) ucing jatup, (8) dodo-dodoan, sarta (9) ucing sumput.

Dina prak-prakannana, saban kaulinan dibagi jadi tilu tahapan, nya éta (1) tatahar, (2) prung ulin, sarta (3) réngsé ulin. Tina prak-prakan ulinna dianalisis ajén-ajén étnopédagogik nu nyangkaruk dina éta kaulinan.

Dumasar analisis hasil panalungtikan, aya opat ajén moral nu kapaluruh dina saban kaulinan, nya éta (1) moral manusa ka dirina, (2) moral manusa ka

manusa, (3) moral manusa ka alam, sarta (4) moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahir batin.

Dumasar analisis hasil panalungtikan, aya 12 karakter anu kapaluruh dina saban kaulinan, nya éta (1) *jujur*, (2) *toleransi*, (3) *disiplin*, (4) *kerja keras*, (5) *kreatif*, (6) *mandiri*, (7) *demokratis*, (8) *menghargai prestasi*, (9) *bersahabat/komunikatif*, (10) *cinta damai*, (11) *peduli lingkungan*, sarta (12) *tanggung jawab*.

## 5.2 Implikasi Kaulinan Barudak dina Kahirupan Sapopoé

Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan sosialisasi ka masarakat utamana ka kulawarga jeung ka barudak ngeunaan mangpaat jeung ajén-ajén nu aya dina kaulina barudak. Éta sosialisasi patali jeung prosés atikan sacara teu formal sarta sacara teu dihaja anu bisa numuwuhkeun sikep tur karakter hadé barudak. Ngaliwatan arulin, barudak diajar pikeun nataharkeun dirina nyanghareupan kahirupan déwasa. Ajén étnopédagogi anu dibahas di luhur bisa jadi bahan pikeun pangajaran barudak dina numuwuhkeun ajén moral ka dirina, moral ka manusa, moral ka lingkungan, sarta moral dina ngahontal kasugemaan lahir batin. Kaulinan barudak ogé bisa numuwuhkeun karakter-karakter dirina.

Salaku salasahiji kaarifan lokal anu hirup di sabudeureun masarakatna, kaulinan barudak miboga peran anu penting pikeun jadi média hirup sauyunan. Ti leuleutik geus diajarkeun pikeun hirup babarengan, henteu sosoranganan, nyanghareupan hiji pasualan babarengan, sarta silih ajénan jeung nu lian. Ku kituna kaulinan barudak bisa jadi titincakan sarta gambaran pikeun nu nalungtik ngeunaan kultur masarakat Sunda hususna kahirupan barudak di wewengkon Kacamatan Conggéang Kabupatén Sumedang.

Dina ngasosialisasikeun kaulinan barudak, biasa ngaliwatan sababaraha cara. Kahiji, bisa disosialisasikeun ka barudak di pilemburan sacara langsung ngaliwatan gebyar kaulinan barudak nu gawé bareng jeung pihak satempat, sarta ngaliwatan program-program kamasarakatan. Kadua, dina jaman globalisasi saperti kiwari, ngahirup-huripkeun deui kaulinan barudak bisa ngaliwatan ngawanohkeun ka barudak maké média *audio visual*. Utamana ka barudak di kota

nu geus ampir naringgalkeun kaulinan-kaulinan barudak nu sipatna tradisional. Ku asupna internét jeung pakakas komunikasi nu modérn bisa dijadikeun jalan dina ngawanohkeunna. Salian ti ngayakeun gebyar kaulinan barudak jeung féstival kaulinan barudak, ogé barudak di pakotaan busa nempo kaulinan-kaulinan barudak dina internet ngaliwatan media-média sosial sarta situs video.

Ieu kaulinan barudak diasupkeun kana situs “*youtube*” sangkan bisa ditempo ku masarakat umum, hususna ku barudak di kota nu ampir saban poé ulukutek jeung internet.

### 5.3 Saran (Rékoméndasi)

Nilik kana hasil panalungtikan. Saran nu patali jeung ieu panalungtikan nya éta ieu di handap:

1. Ieu hasil panalungtikan bisa dipaké bahan pangajaran nu bisa diréka deui ku guru disaluyukeun jeung kabutuhan tur kurikulum. Salian ti bisa dipaké bahan pangajaran. Ku ayana ieu hasil panalungtikan, dipiharep bisa ngarobah pola pikir yén ngatik ngadidik barudak téh henteu waé kudu dina suasana rohangan kelas anu serius. Tapi, ogé bisa ulin bari diajar. Luyu jeung konsép Ki Hajar Déwantara nu nétélakeun yén barudak sacara teu langsung bisa narima ajén-ajén atikan ngaliwatan kaulinan.
2. Ku ayana ieu hasil panalungtikan, dipiharep numuwuhkeun ngaronjatkeun deui kaulinan-kaulinan barudak tradisional nu dina jaman kiwari beuki ditinggalkeun.
3. Ieu panalungtikan ngan saukur jadi salasihiji jalan pikeun ngayakeun panalungtikan anu leuwih teleb deui. Lantaran loba kénéh kaulinan-kaulinan barudak nu can kaguar, boh di wewengkon Kacamatan Conggéang, boh di wewengkon nu séjén. Sarta loba kénéh ajén-ajén atikan nu bisa dipaluruh tina kaulinan barudak.